

Dzidziso yebhaibheri yeKushandiswa uye Mutero pane Zvekurima

Pentateuch

Naizvozvo Farao ngaatsvake munhu akangwara, akachenjera, amuite mubati wenyika yeEgipita. Farao ngaaite izvozvo, ngaaise vatariri panyika yose, atore cheshanu chenyika yeEgipita pamakore manomwe emaguta. Ngaaunganidze zvokudya zvose zvamakore iwayo akanaka anouya, avige zviyo nomurayiro waFarao, zvive zvokudya mumaguta; Zvokudya izvozvo zvichachengeterwa nyika makore manomwe enzara, ichazovapo panyika yeEgipita; kuti nyika irege kuparadzwa nenzara. Genesisi 41:33-36

Akaunganidza zvokudya zvose zvamakore manomwe, aivapo panyika yeEgipita, akaviga zvokudya mumaguta; zvokudya zveminda, yakanga yakakomba guta rimwe nerimwe, akazvichengetamo. Genesisi 41:48

Makore manomwe enzara akatanga kusvika, sezvakataura Josefa; nzara ikavapo panyika dzose; asi panyika yose yeEgipita pakanga pane zvokudya. Zvino nyika yose yeEgipita yakati yoziya, vanhu vakachemera zvokudya kuna Farao; Farao akati kuvaEgipita vose, Endai kuna Josefa; itai zvaanotaura kwamuri. Genesisi 41:54-55

Josefa akachengeta baba vake, navana vababa vake, navose veimba yababa vake, akavapa zvokudya achiverenga navana vavowo. Panyika yose pakanga pasina zvokudya; nekuti nzara yakanga iri huru, nyika yeEgipita nenyika yose yeKanani dzikaziya nenzara. Josefa akaunganidza mari yose yakanga iri panyika yeEgipita, napanyika yeKanani, yavakatenga zviyo nayo, Josefa akaisa mari iyo mumba maFarao. Mari yakati yapera munyika yeEgipita, napanyika yeKanani, vaEgipita vose vakauya kuna Josefa, vakati, Tipei zvokudya, nekuti tingafa seiko pamberi penyu? nekuti mari yapera. Josefa akati, Uyai nemombe dzenyu; ndichakupa pamusoro pemombe dzako, kana mari yapera. Zvino vakauya nemombe dzavo kuna Josefa, Josefa akavapa zvokudya, vachitsinhanha namabhiza, nemakwai, nemombe, nembongoro; akavararamisa nechingwa chemombe dzavo dzose gore iro. Gore iro rakati rapera, vakauya kwaari negore rechipiri, vakati kwaari, Hatingavanziri ishe wedu kuti mari yedu yapera; ishe wedu ane mombewo; hapana chakasara pamberi pashe wedu, asi miviri yedu neminda yedu; zvino tingafa seiko pamberi penyu, isu nenyika yedu? titengei isu nenyika yedu mutipe zvokudya, isu nenyika yedu tive varanda vaFarao; mutipe mbeu, tirarame, tirege kufa, nenyika irege kuita dongo. Josefa akatengera Farao nyika yose yeEgipita; nekuti vaEgipita vakatengesa mumwe nomumwe munda wake, nekuti nzara yakanga iri huru pamusoro pavo, nyika ikava yaFarao. Kana vari vanhu akavatamisa kumaguta, kubva kumuganhu mumwe weEgipita kusvikira kuno mumwe muganhu wayo. Asi nyika yavapristi yoga haana kuitenga; nekuti vapristi vakanga vaganhurirwa mugove wavo naFarao; vaidya mugove wavo wavakanga vapiwa naFarao; naizvozvo havana kutengesa minda yavo. Zvino Josefa akati kuvanhu, Tarirai, ndakatengera Farao imwi nenyika yenyu nhasi, hedzi mbeu, mudzvare

panyika. Zvino pazvibereko munofanira kupa Farao cheshanu chenyu, migove mina ichava yenyu, yembeu yomunda, nezvokudya zvenyu, neveimba yenyu, nezvokudya zvavana venyu. Ivo vakati, Ndimwi makatichengeta; ngatiwane nyasha pamberi pashe wedu, tive varanda vaFarao. Josefa akatema mutemo panyika yeEgipita, uripo nanhasi, kuti Farao apiwe cheshanu; asi nyika yavapristi yoga, isina kuva yaFarao. Genesisi 47:12-26

Analysis:

Mudzidzisi: Farao (Hurumende / Monarch / Mutungamiri / Nyika)
Lessee: Varimi

Minister / Secretary of Agriculture: Joseph Zafnathpaaneah "Mutakuri weMbeu"

Agricultural Land Allocation: Inokwana 20% yenzvimbo yese yevhu inofanirwa kurimwa

Budget uye Kutungamira kwePurofiti:
Mutero uye Chegumi: 20%
(10% yaFarao; 10% yeVapirisita - Makereke nenyika dzawo haabhadharwi mutero.)
Net Muhoro wevarimi: 80%
(40% yeMbeu yemunda - Kudzvara; 40% yeChikafu)

Guta rimwe nerimwe rinofanira kukwanisa kuzviwanira zvokudya zvaro.

Kuti zvinyatsoshanda, vanhu vanofanirwa kugara pedyo nekuwanikwa kwechikafu.

Upfumi husina kutsigirwa nezvokudya (kwete goridhe, kwete sirivha, kwete mari, kwete crypto, nezvimwewo, asi nechikafu) pakupedzisira huchaparara. Zvishoma nezvishoma asi zvechokwadi.

Kunyange panguva yenzara, zvokudya zvine mutengo uye zvinoda kutengwa. Haisi yemahara.

Mari ichapera panguva yenzara huru. Iyo imwe nzira ichava yekuchinjana (chikafu chemombe, mabhiza, makwai, mbongoro, nguva - basa/basa). Ita mutemo wekuti HAPANA BASA HAPANA KUDYA (2 VaTesaronika 3:10).

Ani naani anogona kudzora kugoverwa kwezvokudya anogona kuita mitemo uye kutonga vanhu.